| | | |
|---|---|---|
| **QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ QOŃÍRAT RAYONÍ HÁKIMININ̍ SH E SH I M I** | | **QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI QO‘NG‘IROT TUMANI HOKIMINING Q A R O R I** |

2025-yil 11-sentabr 286-13-185-Q/25 Qo‘ng‘irot tumani hokimligi

**Qońırat rayonı aymaǵında jol háreketi qáwipsizligin támiyinlew haqqında**

"Jergilikli mámleketlik hákimiyat haqqında"ǵı Ózbekstan Respublikası Nızamınıń 6 hám 21[1]-statyası, "Jol háreketi qáwipsizligi haqqında"ǵı Nızamınıń 8-statyası, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2022-jıl 12-apreldegi 172-sanlı qararı menen tastıyıqlanǵan "Jol háreketi qaǵıydaları" talapları hám Qońırat rayonı jollardan paydalanıw mámleketlik shólkeminiń xatın kórip shıǵıp, rayon aymaǵında transport qurallarınıń háreketleniwin tártipke salıw taǵı da jol háreketi qáwipsizligin támiyinlew maqsetinde **sheshim qabıl etemen:**

1. Qońırat rayonı jollardan paydalanıw mámleketlik shólkeminiń xatı maǵlıwmat ushın basshılıqqa alınsın.

2. Rayon aymaǵında avtotransport qurallarınıń háreketleniwin tártipke salıw maqsetinde 95V117 "Qońırat-Ráwshan-Seksewilsay"avtomobil jolınıń 3,2-3,6 km aralıǵında avtotransport qurallarınıń eki tárepleme háreketleniwine ruxsat etilsin hámde 3,2 km oń tárepine 3.27 "Toqtaw qadaǵan" jol belgisi ornatılsın.

3. 95V117 "Qońırat-Ráwshan-Seksewilsay" avtomobil jolınıń 3,2 km.inde jaylasqan 3.1 "Kiriw qadaǵan" hám 3.18.1 "Ońǵa burılıw qadaǵan" jol belgileri alıp taslansın.

4.Rayonlıq ishki isler bólimi jol háreketi qáwipsizlik topaŕı S.Kaypovqa:

- joqarıda kórsetilgen aymaqta jol háreketi qáwipsizligin qadaǵalap barıw tapsırılsın.

5. Jol belgilerin ornatıw Qońırat rayonı jollardan paydalanıw mámleketlik shólkemi (A.Baltabaev)ne tapsırılsın.

6. Bul sheshim rayonlıq "Qońırat haqıyqatı" gazetasında rásmiy járiyalansın hám hákimlik rásmiy veb-saytına jaylastırılsın.

7. Sheshim rásmiy járiyalanǵan kúnnen baslap kúshke kiredi.

8. Usı sheshimniń orınlanıwın qadaǵalaw rayon hákiminiń birinshi orınbasarı J.Seytmuratovqa júkletilsin.

**Rayon hákimi** **B.Madaminov**